АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

№3 (9944)

РУЗМАН

29 январь 2021 сон

16 ДЖУМАД АЛЬ-АХИР 1442 СОН

Шамил районалъул газета

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

Единство

Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ

Багьа эркенаб



*Росабазул гIумру*

Бегавуласул мурад - росу цIи гьаби

2 гьум.



*КIудияб Бергьенлъи ракIалдещвеялъе*

ХирамухIамад ГIалимухIамадович - блокадаялъул гIахьалчи

3 гьум.

■ РАГЪУЛ БАХIАРЧИЛЪИЯЛЪУЛ КЪОЯЛДЕ

# Ленинградалъул блокада ракIалдещвеялъе

**Къо бахъанагIан нилъедаса рикIкIалъулел руго дол вахIшилъиялъул цIурал, кьогIал рагъул сонал. КватIичIого 76 сон данде сверула нилъер халкъалъул бахIарчилъиги бихьинчилъиги загьир гьабураб КIудияб Бергьенлъи босаралдаса. ГIемер ргIула рагъул байбихьудаго Ленинградалъе гьабураб блокадаялъул ва гьениб халкъалъе кьураб гIакъубаялъул. 1941 соналъул 8 сентябралда байбихьараб блокада, 1944 соналъул 27 январалде щвезегIан халалъана.**







ГIакъубаялъул цIураб 872 къо-дагьаб тарих гуро. Гьел къваридал къоял кIочонгутIизе 27 январалъ ХIебда гьоркьохъеб школалда тIобитIана «Блокадаялъул чед» абураб рагьараб тадбир.

Гьенире гьоболлъухъ ахIун рукIана гIолилазул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев ГIабдулгъафур ГIабдуламухIамадов, районалъул ветераназул Советалъул председатель МухIамадрасул АсхIабов, лъайкьеялъул отделалъул методист ПатIимат Хизроева, районалъул гIолилазул политикаялъул специалист МухIамадрасул Хатиев ва лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель Ильяс ХIусейнов.

Школалъул тарихалъул мугIалимзаби: ПатIимат ХIажиевалъ, ПатIимат МухIамадовалъ, Месед Ибрагьимовалъ ва цIалдохъабаз цIакъ берцинго, рекIелъ гъваридаб лъалкI хутIуледухъ хIадурлъун батана гьеб рохелгун пашманлъи жубараб, блокада бахъараб къо ракIалде щвеялъе гьабураб тадбир.





ЦIалдохъабаз церерахъиналда бицана блокадаялъул соназ букIараб ракъул балагьалъулги, гьеб ракъиялъ кIвекIулеб халкъалъул къвакIиялъулги, къойидаса къойиде дагьлъун 125 граммалде ккун букIараб блокадаялъул чадилги. Чанго соналъ фашистаз квегъаниги нилъер халкъалъул букIараб чилъиги, яхI-намусги, гурхIелги рагьулеб букIана гьез. Эркенаб заманаялда гIун ругониги, цIалдохъабазда кинабго захIмалъиги, рагъул кьогIлъиги бихьараб ва бичIчIараб хIисаб букIана.

Рагъул заманалъул тарихиял лъаязул хIалбихьиялъе цIалдохъабазе гьабуна викторина. Гьалбазгицин гъираялда гIахьаллъи гьабуна гьениб. Гьединго рихьизаруна блокадаялъул хIакъалъулъ видео, гIисинал лъималазул гIахьаллъигун сценка.

Щивав гIахьалчиясе щвараб карточкаялда рекъон, «блокадаялъул» чIегIераб чед бикьулеб акцияги тIобитIана гьениб. Умумузе букIараб къварилъи цебетIамун, чадил къимат ракIалде щвеялъе кIвар бугеблъун буго санайил тIобитIулеб гьеб акция.

КIалъазе рахъарал гьалбадерицаги бицана гьеб кьогIаб заманалъул, кIудияб разилъиги загьир гьабуна гьеб тадбиралдаса. ХIебда школалъул директор ГIали ЖабрагIиловасги баркала кьуна тIаде рачIаразе, гьеб кинабго хIадурлъи гьабурал школалъул коллективалъе ва киналго гIахьаллъаразе.

Гьединал ракIалдещвеял нилъер гIун бачIунеб гIелалъе чара гьечIого хIажатал руго. ГIолилазе бахIарчилъиялъул ва къо хIехьеялъул мисаллъун ругел блокадаялъул гIадамазул гIумру кIочене биччаларо гьединал тадбираз.

***П. ЖАМАЛУДИНОВА***

АВТОРАСУЛ БОКIОН

Давуд ДАВУДОВ

## Студентлъиялъул берцинлъи

25 январь нилъер улкаялъул календаралда кIодо гьабула студентазул къо хIисабалда. Бищун талихIал ракIалдещвеял, аваданал лъугьа-бахъинал студенталлъун ругеб заманалда хурхарал руго.

Гьеб къо студентазе бихьизабиялъе гIиллалъун ккана императрица Елизаветал буюрухъалда рекъон 1755 соналъул 25 январалда Москваялъул университет хIалтIизе биччай.

Улкаялъул тарихалда студентазул хIаракаталдалъун гIемерал лъугьа-бахъинал ккана. ЧIахIияб гIелалда лъала студентаздаса гIуцIарал бакIал раялъул къокъабаз гьарурал кIудиял хIалтIаби. Студентаз квегъана БАМ, мукIур гьаруна салул авлахъал, цебетIезабуна росдал магIишат.

Киназего битI кколаро жидее бокьараб бакIалда цIализе. Амма гьелдаса пашманлъарал къанагIатги рукIунаро. Кир цIаланиги, щиб махщел тIаса бищаниги гьеб заман буго гIумруялъул лъадари щолеб лъикIаб школа. Общежитиялда гIумру тIамизе ккарав чиясда гурони бичIчIуларо гьеб. ЗахIмалъиги ракъикъечги бихьичIого хутIуларо студентасда, амма захIмалъиялъ лъадараравгIан лъугьуна инсанасул къвакIараб пикруялъул ва щулияб хасияталъул чи. Гьединго гIемераб буго гьениб цадахъ ругел къайи-цадахъазда бараб жоги. Студентлъиялъул заманалда ккараб гьудуллъиги хутIула абадиялъго щулияблъун. Гьоркьохъеб ва тIадегIанаб лъай кьолел идарабазда лъимал цIа¬лулеб заман буго эбел-инсуе бищунго захIматаб ва рахIат хвараб.




ЛъикIаб гIадатлъун лъугьун букIана санайил нилъер районалдаса гIолилазулгун студентазул форум тIобитIи. Гьеб форум тIобитIиялъул мурад букIана, районалъул гIелму-лъаялдехун ва спорталдехун гьетIи бугел гIолилазда кверчIвай, районалъул нухмалъиялъулгун гIолилазул гьоркьоблъи щула гьаби, жалго рехун тун гьечIолъи гьезда бихьизаби, хадубккунги гIолилазул цIалуде ва спорталде гъира базаби.

Пандемиялъ рокъор чIун рукIаниги, араб соналъ нилъер районалъул студентал гIахьаллъарал тадбирал гIемер рукIана. Гьезул аслияб кумек щвана волонтеразул къокъабазда гIахьаллъиялъ. Медициналъул студентал тохтурзабазда цадахъ хIалтIана больницабазда, цоги махщелазда ругел - гурхIел-рахIмуялъул фондазул кумекчагIилъун.

Цебе заманалда студентазул 90% тIадруссунаан районалде. Машгьураблъун букIана росдал магIишаталда хурхарал махщелал. Жакъасеб къоялъ гIолилазул гъира балеб гьечIо захIмалъи бихьулеб хIалтIуде. Шагьаразда бугеб бигьалъи бихьун гIемерисез гьенибго хIалтIи балагьулеб буго. Гьеб хIисабалде босун, нилъер районалда хIалтIулеб буго «Школа-ВУЗ-ХIалтIи» программа. Гьелда рекъон жидерго цIали лъугIигун гIолилал тIадруссун рачIине ккола районалде. Хьул буго жидее щвараб махщел гьез, шагьаралъул къватIалги кIочонтун, жидерго росабазул гIумру цебетIезабиялъе хIалтIизабилин.

■ РОСАБАЗУЛ ГIУМРУ

# Бегавуласул мурад - росу цIи гьаби

**Районалда бищун чIахIиязул цояблъун букIана цере саназ ЦIекIоб росу. Цогидаздаса нахъе ккараб колхозги, колхозалда хIалтIулезул магIишатги букIинчIо цIекIдерил араб гIасруялда. "ЦIекIоб ва цIекIосел" тIехьалда Д.ГIабдулаевас хъвалеб буго: "1927 соналда ЦIекIоб букIана 146 цIаракиялда гIумру гьабулел 585 чи. 1936 соналда гьениб гIуцIана сельхоз артель ва хадусеб соналъ колхозги. Араб гIасруялъул 60 абилел соназ, "Советский" совхозалде журалаго гьезул букIана 488 бетIер чIегIерхIайван, 3350 бетIер гIи-цIаназул, 45 найил тIала."**

Дагь-дагькkун росдал гIадамал бигьаяб гIумру балагьизе гочана шагьаралде. Росулъ хутIана ригь арал хералги, дагьалго гIолилалги. КватIичIого хисана замана, шагьаралде гочаразулги ракIцIана гIагараб росулъе. Амма гIемерисезул росулъ бугеб мина-къай чIунтун букIана. Кин бугониги риидал росдал гьайбатаб тIабигIаталдаса кеп босизе гьел росулъе щолаан. Гьеб мехалъ пикру ккана росуги цIи гьабулев, гьениб гIумру гьабизе санагIатал шартIалги гIуцIулев нухмалъулев росдае валагьизе. Гьединав гIолохъанав, бажариги лъайги бугев ШехмухIамадов Тажудин вищана бегавуллъуде. Гьале 2003 соналдаса нахъе росдал администрациялъул бетIерлъун хIалтIулев вуго Тажудин.


Тажудин ШехмухIамадов

Бигьаяб иш гуро бегавуласул хIалтIи. Гьес байбихьана нухал къачIаялдаса, кьоял раялдаса. Жакъа къоялде щвезегIан бан буго 4 магIишатазда гьоркьосеб 12м халалъи 5м гIеблъи бугеб кьо. ЦIи гьабун къачIана биххун унеб букIараб администрациялъул мина. ТIубан цIалкIу лъугьун букIараб школалъул тIох хисана маххги ккун. Гьенибго бана хIажатхана ва хIамам. Росулъе бачIунеб лъел мухъалда цIиял рогIралги хисун хIалтIи гьабуна, гьанже лъим бачун буго гIемераз рокъобеги. ЛъикI букIинчIо токалъул мухъги. 65 квт.къуваталъул бакIалда 200квт. бугеб трансформатор хисана. ТIадеги 17 токалъул хIубиги эхетун, ток бачана цIияб росулъе. Гьеб хIалтIуе кумек щун буго МахIачхъала шагьаралъул депутат М.ХIамзатовасдаса. 7,7 км.манзилалъ цIияб нух гьабуна Хучада магIарда бугеб телевышкаялде. Гьелъ рес кьуна районалъул гIемерал росабалъ телевидение бихьизе.

ЦIекIоб буго тIабигIаталъ гьарзаго кьураб берцинлъиги, рохьалги, тIогьол майдабиги. ЦохIо росуцоязе гуребги, гIемеразе бокьула гьенире хIухьбахъизе рачIине. Росулъ къварилъи-гIатIилъи ккейдалги рачIуна гIемерал гIадамал. ЛъикIаблъун бихьана росулъ гостиницаги, квер кьовул рукъги базе. АскIобго богорукъ, кинабго цIарагIги, квен хIадуризе хIажатал пучдулги ругеб. Гьел хIалтIабазе квербакъун буго шагьаралда ругел Идрисова Умузагьратицаги, ХIажиева Шагьрузатицаги, ГIабасов ГIусманицаги. 500 кв.метраялда къоноги чIун, тIокъо гьабун буго МухIамадов Маллаца. Росу ахада букIана ГIахьвахъа вачIунаго имам Шамилица имамлъиги гьабун как бараб къулгIа. Гьеб бакIалда жакъасел тIалабазде рекъонккараб, цIияб, кIитIалаяб мажгит эхетун буго Абакар ГIабдулаевас ва Руслан ХIамзатовас. Росулъ футболалъул майдан бан буго Идрисов Идрисил кумекалдалъун. Гьенир тIоритIулел руго районалъул ва цо-цо районазда гьоркьоселги спорталъул къецал. Росу рагIалда тIаде рачIаразул машинаби чIолеб майдан гьабун буго. РогIралги лъун, 120 метраялъ канализация гьабун буго. Гьарурал хIалтIабазул багьа 27 миллионалде бахъанилан бицана ШехмухIамадовас.

Гьединал гIемерал санагIатал шартIал гьариялъ цIикIкIунеб буго росулъе руссунезул къадар. ГIемерал росуцоял рачIунел руго росулъе, хасго риидал. ЦIекIдерида кIочана курорт-санаториял. Гьадинал эркенал шартIалги ругони, тIабигIаталъ гьарзаго кьураб берцинлъиги бугони, щайха гьел къваригIарал.


ГIахьвахъа вачIунаго имам Шамилица имамлъи гьабун как бараб къулгIадухъ бараб цIияб мажгит


ЦIекIоб росу

Бегавул цIакъ разияв вуго росдал гIолохъабаздаса. МахIачхъалаялда ругез гуребги, росдае ишалъулаб кумек гьабулеб буго Москвалда, Киевалда ва цойги бакIазда ругезги. Аза-азар баркала буго гьезие.

Бегавуласул рагIабазда рекъон, хадубккунги гьаризе цере лъурал масъалабилъун руго жанисел нухал къачIай, ракьазул гIурхъи чIван цIияб ригьин гьабуразе ракьал кьей, гьенибе нухги гьабун, ток бачине ва интернет-канал гьабизе. ХIажат буго росулъ ФАПалъе мина базе ва библиотекаялъе рукъ базе. ГьабсагIаталда къачIалел руго Игьориса Хучаде, Лъануре ва ЦIекIоре ругел машинаялъул нухал. Гьелъие кумек гьабуна районалъул бетIер М.ХIасановас.

*Сайпула ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВ*

■ КІУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИ РАКІАЛДЕЩВЕЯЛЪЕ

# ХирамухІамад ГІалимухІамадович - блокадаялъул гІахьалчи

**Ленинградалъул блокадаялъул согІаб, захІматаб заман ракІалде щвезарулел гьал къояз пикру ккана хъвазе дир кІудияв инсул вац, КІудияб ВатІанияб рагъул гІахьалчи, блокадаялъул ветеран ГІалиев ХирамухІамад ГІалимухІамадовичасул.**

ХирамухІамад ГІалиев гьавуна 1918 соналъул 1 июлалда, ГІурада росулъ кІудияб хъизамалда. Гьесул рукІанаункъго вацги цо яцги.

1941 соналъ, киналго гІадин, ГІалиевазул хъизаналдасаги ВатІанияб рагъде ритІула кІиго вас, ХирамухІамадги ГІалиги. ТІоцебе заманалъ гьез кьалул майданалдаса эбел-инсухъе хъварал кагътал рачІунел рукІиналъ, дагьабго парахат рукІунаан рокъор ругел, жидер лъимал чІаго рукІиналда ракІчІун.



1941 соналъул ахиралда ХирамухІамадил кагътал къотІун руго, ГІалица бухьен гьоркьоб къотІизе биччан гьечІо. Гьеб мехалда кинацаго ХирамухІамад хванилан тун вукІуна.

ТІубанго хьул къотІараб заманалъ, 1944 соналъул ахиралда, ХирамухІамадица кагъат битІун бачІиндал, гьезул рохалие гІорхъи букІинчІо.

Гьесул кагътида хъван букІун буго живго блокадаялде ккеялъул ва гІагарлъигун бухьен гьабизе кинго рес рекъечІин абун.

Рагъ лъугІун хадур кІиявго вац вуссана гІагараб инсул росулъе. ХирамухІамадица бицунаан блокадаялъул гІумруялда букІараб захІмалъиялъул, гьениб гІадамаз цоцазе гьабулеб букІараб кумекалъул, гьел цоцаз кколел рукІараб куцалъул. Абулаан бицун кІудияб кумеклъун букІанин аскІор ругезул ракІ батизабулеб хабар. Сентябрь-октябрь моцІаз ламадуралъул хурзал ругел бакІалда рукІун руго гьес хъулухъ гьабулел рукІарал аскарал. Гьениса бахъараб ламадуралдалъун букІанин цо заманалъ жидее хвасарлъиян бицунаан гьес.

Рагъдаса вуссун хадув ХирамухІамад чанго соналъ хІалтІана лъайкьеялъул идарабазул нухмалъулевлъун. Гьев вукІана Къахъиб, Гьандихъ, ТІидиб, Ракьуб ва Советское (гьанжесеб ХІебда) школазул директорлъун . Гьединго гьев тІамун вукІана Гьандихъ колхозалъул председательлъунги.

Гьесул бищун гьитІинав вац ГІадало ГІалиев вукІана Дагъистаналъул цІар рагІарав шагІир ва хъвадарухъан.

Цояв вац ГІалиев ГІали – рагъул ветеран хвана 2013 соналъул 15 ноябралда.

1995 соналъул 4 апрелалда къадар щвана ХирамухІамадиде. КІудияб ВатІанияб рагъул ветераназул кьерда гьев вукІана блокадаялъул къварилъиги, захІмалъиги бихьарав, нилъер ВатІаналъул тарихалъул бищун кьогІал тІамчазул нугІ.

*ХІебда школалъул тарихалъул мугІалим ПатІимат ХІАЖИЕВА*

■ РЕКІЕЛ АХІИ

# Чадил къотІел – рахІмат гурищ

**Цо къоялъ радалго гІурул рагІалда рищни -къул балел къалал ругеб бакІалде мусор базе щварай дида, гьениб букІараб пасалъи бихьараб мехалъ цІорон хутІана. Сверухъ гьабун бугеб чороклъиялъулни бицун пайда гьечІо. ГІодоркъояз жидерго авал –къоно бацІцІарабщинаб кинабгІаги ахикьаги, хурисаги, гьединго мина-къай къачІалаго гьоркь хутІарал хутІелазги занкІун цІезабун бугоан сверухълъиго. Рукъги азбаркъоноги бацІцІун сверухълъи чорок гьабизе бегьилилан ракІалде ккаразда щиб абизе кколеб?**



КигІан бицаниги царал кьер хисуларин абухъего, щибго пайда гьечІо абураб жоялъул. Гьебни гьедин бугилан тела. Амма кинго бичІчІуларо мусоралда гьоркьобе балеб чадил къимат гьечІолъи. Сверухъ ракІарун кутулги ругоан, саламатаб кІудияб пакет хъахІаб чадилги бугоан мусоралда гьоркьобе бан. БатІаги гьабун къватІиб лъун танани боцІуцаниги кваналаан гьеб. Дида ракІалде щвана гІодулаго чІахІиял чагІаз бицунеб букІараб жидедаго бихьараб ракъиялъул. ГІорцІизегІан кваназе кІвечІого хварал нилъер умумузул дагьабгІаги къимат гьабизе кkеларищ нилъецаги?

КІудадал яцгІал Меседица гІемер бицунаан, эбелги хехго хун, жалго бесдал хутІиялъул, жидедаго бихьараб ракъиялъулги, къварилъиялъулги. Гьелъ гьеб бицунаго дида кидаго бераз магІу кквезе кІолароан, кигІан гьитІинай чІужу йигониги. Жидер гІемер заман букІунаанилан бицунаан гьелъ кваназе жо рокъоб гьечІого, чІахІ-херги кванан регизе унебги. МиккигъотІол пурчІунги цІоросоролъил жагъирги цадахъ хенон гьабулаанила тІех, гьеб кваназе щвейги жидее кІудияб давла букІанилан. Рагъул заман букІиналъ, кинабго магІарухъ гьабураб магІишат битІулаан рагъде, херал чагІаз квас дургъун кунги гьабун битІулаан щватаби хьухьизе, гьедин щибаб рукъалдаса бакІарулаан магъало. Гьелъ гІемер бицунаан бакъги бан рекьарал хурзабахъаги щибго щвечІого, гьеб соналъ гІемераб ракъи бихьанила гІадамаздаян. Бакъвараб чадил кесек чурулъе базецин барахщулаан гьей:

-Гьаб кваназе щолареб заман гІемер букІани-ланги бицунаго. Аллагьас кинабго бихьизе гІумру къунилан, къварилъи бихьизеги, гьадинаб гІатІидаб заман бихьизеги – ян, щукру гьабулей йикІунаан.

Гьадинаб захІмалъи нилъер умумузда бихьараб мехалъ, исламалъги чадил къимат гьабизе ахІулеб мехалъ, лъидаса мисал босунгІаги нилъ гьадигІан щибго жоялъул кІваркго гьечІел лъугьун ругелали лъаларо. РатІликълъи бихьаниги, ракъи бихьугегиян гьарараб нилъер улбузул гьари къабулаллъун ратайги нилъги нилъер лъималги. Щибаб лъимадул эбелалъ гьитІинго лъимер ругьун гьабуни чадил хІурмат гьабизе, жидецагоги гьабуни нилъ мекъи ккеларо. Аллагьасул рахъалъ кириги букІина, гІадамазул баркалаги щвела. Щивав чиясе къуват кьейги нилъер гІун бачІунеб гІел битІараб нухда куцазе.

*М. ГЬИТІИНАМУХІАМАДОВА*

■ ШИГІРИЯБ БОКІОН

*(«Цолъи»ялъул бищун лъикІав гьалмагъ конкурсалда 1-себ бакІ ккураб кечІ)*



## Азарабго нагІана

Жиндир ВатІан бокьичІел
Рокьи жиндилъ бижичІел,
Жиндир мацІ рихаразе
Азарабго нагІана!

Херазухъ гІенеккичІел
ГІисиназе нагІана,
ЦІалиялде руссинчІел
ЦІалдолезе нагІана!

Абураб жо гьабичІел
ТІанчІазеги нагІана!
Квен-тІехалде чІухІарал
ЧІухІухъазе нагІана!

Тарбиягун лъай кьолел
МугІалимал какулел,
РацІцІалъи цІунуларел
Чороказе нагІана!

Исламияб диналъул
ШаригІаталда рекъон,
ГІумру цебе тІамичІеб
Агьлуялъе нагІана!

Къо ккедал , кумекалъе
КъватІире рахъунарел,
ЦІекІал харбал рицунел
ЦІукІабазе нагІана!

Жиндир гуреб жоялде
Квер бегьун цІогь гьабулел,
Гьерсазда лал тІамулел
ЦІогьабазе нагІана!

ЛъикІаб-тІекъаб рахъ лъачІел,
Лъавукъазе нагІана!
ШайтІабазда релълъарал,
Жундузеги нагІана!

БацІцІадго ва берцинго
ГІумру цебе тІамулел,
Эбел-эмен рокьулел
Лъималазе Баркала!

Росдае хилиплъичІел
ГІадлу-низам бацІцІадал,
Квешаб- лъикІаб бичІчІулел
Лъималазе Баркала!

Намус-яхІин абураб
КІиго рагІи бичІчІулел,
Абураб рагІи гІолел
ГІадамазе Баркала!

КІодое, кІудадие
Дарулъунги рукІунел,
Даим хІалтІи бокьулел
Лъималазе Баркала!

*ХІебда гьоркьохъеб школалъул 9 классалъул цІалдохъан САГІАДУЕВ МухІамад МахІачевич*

■ МИСАЛИЯБ БАХIАРЧИЛЪИ

# КIудияб хъизан хвасар гьабуна

**«РикIкIад бугеб гIагарлъиялдаса, гIагарда вугев мадугьал лъикI.»**

*(Халкъияб аби)*

**22 январалда МахIачхъалаялда газалъ гъанкъулел рукIарал кIудияб хъизамалъул анлъго чи хвасар гьавун вуго полициялъул майор, Росгвардиялъул батальоналъул командирасул заместитель, нилъер районцояв Магъилав Хайрулаевас.**



**НИЖЕР БАЯН**

*Хайрулаев Магъилав ХирамухIамадович ккола МахIачхъалаялда гIумру гьабулев вугев Къелеб мухъалъул ГIурчухъ росулъа.*

*Гьев вуго майор полиции, ФГКУ «УВО ВНГ России по РД» полициялъул Батальоналъул командирасул заместитель. Магъилав вуго цIакъ бажари бугев, киназего кумекалъе ватулев инсан. Лъадал, токалъул, нухлул ремонт ва газалъул щиб къварилъи мадугьалзабазе кканиги гьес гьеб тIубазабула.*

*Гьесул хъизан ГIумарова Марзигат ИсмагIилмухIамадовна хIалтIулей йиго медсестралъун ГБУ РД Республикаялъул перинаталияб централда.*

Хъизан кьижараб рукъ хинлъизабулеб печалъул къаси мехалъ газ къотIун буго. Гьеб биччараб мехалъ форсункаги хIалтIичIого рукъ газалъ цIезабун буго. Рогьалилъ телефоналдасан мадугьаласул ахIи щвейгун, Магъилав гIедегIун вуго кумекалъе. Рахан батараб кавуялдасан харун гьев лъугьун вуго гьезул рокъове. Лъавудаса ун ратун руго мадугьалги, гьесул лъадиги,ункъабго лъимерги. Хехаб кумек тIаде щвелалде Магъилас ва гьесул хъизамалъ тIоцебесеб кумек гьабун, хвасар гьарун руго къварилъи ккарал мадугьалзаби.

Гьезие кIудияб баркала загьир гьабулеб буго къварилъи ккараб хъизамалъул бетIер Камалудин ГIабдурахIманхIажиевас:

«Радал анлъго тIубараб заманаялъ дида цо квешго газалъул махI чIвана, тIаде вахъунаго хIатIал гIенеккичIо. ХIалбихьана чIужу, лъимал рахъинаризе, гьел киналго лъавудаса ун, цониги вигьарав чи гьечIоан. ХIалицаго телефоналдасан ахIана мадугьаласухъе нижее кумек гьабеян.

Дир мадугьал Хайрулаев Магъилав вуго кидаго кумекалъе хIадурав, кивго ватулев чи. Гьев хехабго заманалда хъизангун цадахъ тIаде щун, киналго ниж цо-цоккун рокъоса нахъе рачана. ГIемераб ургьибе цIараб газалъ дир чIужу хваликье ккун йикIана, Магъиласул мухIканаб тадбиралъ хвалдаса хвасарлъана ва хехаб кумекалъулаб машинаги ахIун ниж больницаялде щвезаруна.

Гьадинал гIадамал цIакъ дагьал гурони гьечIо гьаб нилъер заманалда. Дицаги дир хъизаналъги кIудияб баркала загьир гьабулеб буго гьеб бахIарчияб иш гьабурав Магъиласе ва гьесул хъизан Марзигатие».

Майор полиции Магъилав Хайрулаевасул бахIарчияб гьунар буго районцоязе чIухIиги, гIолилазе мисалги.

*М. ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВА*

■ СПОРТ

# ТIелекьа гIолохъанав чемпион

**Дагьал къояз цебе Астрахань шагьаралда тIобитIана ТIолгороссиялъулаб эркенаб гугариялъул турнир. Гьениб 2006-2007 ва 2008-2009 соназул гIолилазда гьоркьоб 62 кг. цIайиялда тIоцебесеб бакI ккуна нилъер районцояв ТIелекь росулъа ХIасандибиров Макъсуд ГIалиасхIабовичас.**



Макъсуд ккола Каспийскиялда КъурамухIамад КъурамухIамадовасул цIаралда бугеб спорталъул залалда куцарав спортсмен. ГьитIинаб къоялдаса нахъе спорталда тIадчIун гьес росана гIемерал бергьенлъаби.

Баркула Макъсудида бергьенлъи ва гьарула гьесие щулияб сахлъи, икъбал ва хадубккунисел чIахIиял бергьенлъаби.

*МухIаммад ХIАМЗАТОВ*

■ БЮДЖЕТЫ СЕЛЬКИХ ПОСЕЛЕНИЙ

## Администрация МО «сельсовет Батлухский»
## Исполнение бюджета за 2020 год

### 1.Доходы

| Наименование доходов | Утверждено | Исполнено | % исполнения |
|---|---|---|---|
| Дотация | 2465,0 | 2462,1 | 99,8% |
| ВУС | 92,7 | 92,7 | 100% |
| НДФЛ | 53,0 | 41,7 | 78,6% |
| Един. сельхоз налог | 2,0 | 1,6 | 80% |
| Налог на имущ. ф/лиц | 72,0 | 72,4 | 100% |
| Земельный налог | 120,0 | 125,7 | 104,7% |
| Дорожный Фонд | 1299,0 | 1299,0 | 100% |
| На контейнер-е площадки | 146,1 | 144,1 | 100% |
| **Итого** | **4263,1** | **4254,6** | **99,8%** |

### 2.Расходы

| Наименование расходов | Утверждено | Исполнено | % исполнения |
|---|---|---|---|
| Администрация | 1166,7 | 1166,7 | 100% |
| СДК | 545,9 | 545,9 | 100% |
| Молод. политика | 15,0 | 15,0 | 100% |
| Физкультура и спорт | 30,0 | 30,0 | 100% |
| Благоустройство | 954,4 | 954,4 | 100% |
| ВУС | 106,0 | 106,0 | 100% |
| Дорожный фонд | 1299,0 | 680,0 | 52,3% |
| На контейнер-е площадки | 146,1 | 79,2 | 54,2% |
| **Итого** | **4263,1** | **3567,2** | **83,6%** |

### Утверждено за 2021 год

### Доходы

| Наименование доходов | Утверждено |
|---|---|
| Дотация | 2774,1 |
| Дорожный фонд | 200,0 |
| ВУС | 112,0 |
| НДФЛ | 53,0 |
| Единый сельхоз налог | 1,0 |
| Налог на имущ. ф/лиц | 90,0 |
| Земельный налог | 150,0 |
| **Итого** | **3380,1** |


ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОРАЛЪУЛ ИШАЛ ТIУРАЛЕЙ
П.Ш. МухIамадова
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
П.Г. Жамалудинова

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
М.ХIамзатов
ТI. МухIамадов

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гъазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГъазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал: Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана “Щияб канлъи” ва “БагIараб цIва” абурал цIаразда гъоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул “ГУП РГЖТ” типографиялда; Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрована Министерством РФ по делам печати, телерадиовещания и средств массовых коммуникаций Южного окружного межрегионального территориального управления. Регистр.ПИ№10-4593.

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде-кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталъ къимат кьезелъун.
Нижер электронияб почтаялъул адрес:
gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI 50